



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 20 mas 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ÓGANIZE PREMÈ SOMÈ POU FANMI MILITÈ AK VETERAN NEW YORK YO

Gouvènè a anonse Inisyativ pou bay fanmi militè a veteran yo lojman abòdab, travay ak opòtinite edikasyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te òganize premye somèt Eta New York pou fanmi militè ak veteran yo. Li te rejwenn pa Depatman Afè Veteran Etazini, Asistan Sekretè pou Afè Piblik Entègouvènmantal Dr. Tommy Sowers, ansanm avèk lidè ak reprezantan nan gwoup veteran yo, baz militè, enstitisyon edikasyon ak biznis prive yo pou diskite sou fason kote New York kapab amelyore sèvis a veteran ak fanmi militè yo. Gouvènè a te anonse plizyè inisyativ ki pral bay veteran ak fanmi militè yo pi gwo aksè a lojman abòdab, travay, ak opòtinite edikasyon toupatou nan eta.

Somè a te konsantre sou kreye yon apwòch konpreyansif pou amelyore sèvis a veteran ak fanmi militè yo nan New York, espesyalman nan domèn lojman abòdab, travay, edikasyon, benefis, ak sante mantal. Li gen ladan patisipasyon lidè ki soti nan 36 gwoup veteran, 11 reprezantan nan baz militè nan New York, 28 administratè nan enstitisyon edikasyon, 18 egzekitif nan biznis prive, ak anpil lòt moun ki genyen enterè.

“Nou dwe fanmi veteran ak militè nou yo yon gwo dèt rekonesans-- e pi bon fason pou eksprime l se atravè aksyon,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Somè jodia se osijè pran aksyon kidonk plis veteran nan New York kapab reyalize Rèv Ameriken an yo te batay pou pwoteje a. E lè nou investi nan Veteran ak fanmi militè nou yo, li rapòte enterè. Nou bezwen ekspètiz ak lidèchip pandan nap kontinye rebati Empire State la.”

Dr. Tommy Sowers said, “Ogmante sansibilizasyon pami veteran yo nan priz anchaj ak benefis ke yo te ganye se pi gwo priyorite. Nap chanje fason VA yo fè biznis. Nap vini jwenn ou. Kòm somè jodia demontre, Gouvènè Cuomo ap fè menm bagay nan New York nan asire gouvènman Eta ap onore, sèvi, ak investi nan veteran li yo nan chak opòtinite.”

Kolonèl Eric J. Hesse, Direktè Divizyon Afè Veteran Eta New York, te deklare, “Mwen privilejye pou sèvi kòm reprezantan veteran yo pou Eta New York. Nouyòkè yo te genyen yon long tradisyon long ak fyète nan sèvis militè e mwen aplodi ak remèsye Gouvènè Cuomo paske li te òganize somè sa a pou veteran ak fanmi militè yo. Somè jodia te konsantre sou sakrifis ak valè veteran ak fami militè Eta New York yo. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, nou angaje pou nou fè plis pou veteran ak fanmi militè nou yo. Somè jodia prezante nouvo inisyativ, pwogram re-konstriksyon, ak elajisman vizyon nou pou enkli tout veteran yo, manm militè, ak fanmi yo. Eta New York te pran yon gwo etap nan avansman pou asire ke veteran ak fanmi militè yo patisipe plènmman nan ekonomi, rekreyasyon, ak opòtinite.”

Majò Jeneral Patrick Murphy, Adjidan Jeneral Divizyon Militè ak Afè Naval NYS, te deklare, “Mwen akeyi opòtinite pou reprezante fi ak gason nan Gad Nasyonal New York nou an anpil ladan yo te konte pami veteran eta nou an oswa yo te sèvi kòm manm aktif nan militè. Vizyon Gouvènè Cuomo sou yon gouvènman eta ki valorize veteran ak manm sèvis militè yo, ak poli politik ki sipòte yo ak fanmi yo, rekonèt valè imans moun sa yo pote nan Eta New York. Veteran ak militè nou yo fi ak gason te sèvi peyi nou an e jwe yon wòl enpòtan nan kominote yo nan Eta New York e somè sa a se jis yon fason Gouvènè Cuomo rekonèt yo.”

New York òganize pi gwo baz militè nan nòdès, Fort Drum, ki se kay 18,000 solda ak yon lòt 18,000 manm fanmi militè yo tankou mwens pase 4,000 anplwaye sivil.

New York se egalman kay sèvis akademi, Akademi Militè Etazini nan West Point ki fòme apeprè 4,400 pwochen ofisye lame chak ane.

Andeyò Fort Drum gen yon lòt 3,600 manm militè ki nan sèvis aktif nan New York, pandan lame New York ak Gad Nasyonal Ayeryen te gen yon fòs konbine de 16,000 fi ak gason. Fòs rezèv federal - Lame, sèvis maritim, lame ayeryen ak rezèv kò maren-- konte yon lòt 14,500 Nouyòkè pami yo.

Apèsi sou Veteran New York yo ak Kominote Militè

Eta New York se kay pou plis pase 900,000 veteran. Swasant douz pousan te sèvi pandan peryòd konba. Apeprè 88,000 Nouyòkè te sèvi nan Afghanistan oswa Iraq. Anplis, eta se kay apeprè 30,000 pèsònèl militè sèvis aktif, ansanm avèk 30,000 pèsònèl Gad Nasyonal ak Rezèv. New York gen 4^{yèm} pi gwo kantite veteran ki posede ti biznis nan peyi a, dèyè California, Texas, ak Florida. Kòm estatistik sa yo montre, New York se kay yon gwo popilasyon veteran ak militè.

New York genyen twa gwo enstalasyon militè ki nan sèvis aktif:

- Fort Drum (toupren Watertown, NY)
- Fort Hamilton (Brooklyn, NY)
- Akademi Militè Etazini nan West Point

Etablisman ki pi piti yo gen ladan Inite Naval Fòmasyon Nikleyè nan Ballston Spa, Asenal Watervliet, Akademi Marin Merchants Etazini nan Kings Point, ak baz rezèv Fòs Ayeryen nan Niagara Falls.

Opòtinite Ekonomik & Travay

Nan somè jodia, Gouvènè a te anonse inisyativ ki annaprè yo pou bay plis opòtinite travay a veteran ak fanmi militè New York yo:

- ***Pwogram Kontra pou Veteran yo***

Gouvènè Cuomo ak lejislati Eta te dakò pou etabli yon objektif nan tout eta nan sis pousan patisipasyon nan kontra eta pa veteran ki posede ti biznis yo avèk sèvis ki konekte avèk andikap Pa konparezon, objektif gouvènman federal pou atribye kontra a veteran ki posede biznis yo se sèlman twa pousan e okenn lòt eta nan peyi pa ofri yon pwogram robis konsa ki enkli kontra rezèv a ti biznis sa yo.

- ***Elaji “Experience Counts”***

Pwogram “Eksperyans Konte” Gouvènè Cuomo pral kòmanse kouvri madam oswa mari ansanm avèk veteran yo Nouvo adisyon nan pwogram lan pèmèt mari oswa madam militè yo itilize lisans ak fòmasyon nan lòt eta yo pou fè tranzisyon nan plizyè pwofesyon nan New York.

- ***Pwogram Travay Twoup-a-Enèji***

Sèvis piblik elektrisite ak gaz natirèl te dakò pou kreye premye efò ki kowòdone nan tout eta pou mete veteran yo nan travay ki disponib nan endistri sèvis piblik la.

- ***Ajoute Konpozan Veteran yo nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal.***

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè Cuomo yo chak pral kreye yon gwoup travay pou asire ke Konsèy la mete anfas sou veteran yo lè yap chwazi pwojè yo.

- ***Konekte 55-c Anplwaye ki elijib yo a Opòtinite Travay***

Depatman sèvis sivil New York pral kreye yon nouvo pòtal entènèt pou veteran andikape ki kalifye pou soumèt rezime yo pou yo jwenn travay leta. Anvan pat gen metod ki te egziste pou konekte veteran andikape ki kalifye yo avèk djòb leta.

Lojman

Gouvènè Cuomo te egalman anonse yon angajman \$50 milyon dola nan SONYMA pou ede bay lojman abòdab a Veteran ak Fanmi Militè yo.

- ***Angajman \$50 Milyon dola nan SONYMA pou Kay pou Veteran yo***

Ajans Ipotèk Eta New York (SONYMA) te pwomèt \$50 milyon dola kidonk manm veteran ak manm militè yo ka jwenn yon ipotèk a to fiks avèk yon to enterè ki 0.375 pousan anba to enterè ki deja ba ke SONYMA chaje sou ipotèk yo avèk asistans pou premye vèsman. Kapital fon komen ki kontribye pa SONYMA rete disponib ant kounye a ak nan Jou Veteran 2014, oswa jiskaske tout fon ki disponib yo vin itilize. Moun kap achte kay pou premye fwa ki se manm sèvis aktif, ak rezèvis ki dechaje onorableman oswa manm Gad Nasyonal ki kalifye pou pwogram sa a.

Edikasyon

Somèt Jodia te egalman konsantre sou amelyorasyon opòtinite edikasyonèl pou timoun militè yo ansanm avèk fè tout enstitisyon SUNY ak CUNY yo pi abòdab pou veteran yo. Nan lespri sa, Gouvènè a te anonse lejislasyon ki ta:

- ***Pèmèt New York antre nan Konpak Entè-Eta sou Opòtinite Edikasyonèl pou timoun militè yo***

Gouvènè Cuomo te anonse lejislasyon an ap pèmèt New York antre nan konpak entè-eta sou Opòtinite Edikasyonèl pou timoun militè yo, yon inisyativ nasyonan pou sovegade byennèt edikasyonèl fanmi timoun militè yo kap deplase souvan, egzije pou timoun yo chanje lekòl.

- ***Bay Frè eskolè nan Eta pou Veteran yo nan tout kolèj SUNY ak CUNY ak nan Inivèsite yo***

Daprè lejislasyon ki te entwodui pa Gouvènè a, Inivèsite Eta New York ak Inivèsite Vil New York ta renonse a kondisyon rezidans pou veteran yo ki enskri nan nenpòt lekòl nan sistèm yo ki itilize pwojè lwa federal G.I. Avèk frè eskolarite ki fikse a pi ba pousantaj nan eta, tout depans pou eskolarite yo ta kouvri pa pwojè lwa federal G.I., ki bay veteran yo aksè a pi gwo sistèm kolèj piblik konplè nan peyi a ak pi gwo sistèm edikasyon piblik iben nan peyi a.

Sante Mantal

- ***Bay fòmasyon SafeTalk pou anplwaye Eta yo ki souvan kominike avèk veteran yo***

Konsolide Sant Dapèl ak tout manm pèsonel Divizyon Afè Veteran yo pral pran fòmasyon sou sansibilizasyon swisid Sante Mantal.

Benefis Federal

- ***Kreye Fòs Grèv pou Ede mete fen nan aryere revandikasyon Federal***

Gouvènè Cuomo te anonse etablisman nan tout eta "Strike Force" pou akselere reklamasyon andikap federal pou veteran yo ki nan Eta New York ak manm fanmi yo.

Atravè yon patenarya piblik-prive Konsèy United War Veterans a bi non likratif, Health Research Incorporated, ak Divizyon AFè Veteran Eta New York State pral asiste Biwo Rejyonal Depatman Afè Veteran Etazini (VA) avèk tretman aplikasyon reklamasyon yo. An mwayèn, veterans nan New York yo aktyèlman dwe rete tann apeprè 500 jopu pou yon desizyon sou reklamasyon andikap VA yo. Nan Eta New York, genyen apeprè 12,000 reklamasyon pou dezabilite Va ki annatant, avèk anpil nan ka sa yo genyen plis pase dezan. Nouvo “Strike Force” New York pral siyifikativman ede veteran New York yo ak fanmi yo echape nan reta sa a.

Benefis Eta

- ***Retire Limit Revni sou Anwite sou Paran Gold Star***

Gouvènè Cuomo te anonse lejislasyon pou bay yon anwite pou paran Gold Star kèlkeswa revni paran Gold Star.

- ***Bay asistans pou fè antèman manm sèvis yo ki mouri nan blesi konba***

Gouvènè Cuomo te anonse lejislasyon pou etann alokasyon pou antèman manm sèvis yo ki te mouri nan konba pou enkli manm sèvis ki blese yo nan konba ki te mouri andeyò zòn konba nan blesi sa yo.

Sèvis Kowòdinasyon

- ***Konsèy sou veteran, Manm militè ak fanmi yo***

Gouvènè Cuomo te anonse yon dekrè egzekitif ki pral konsantre sèvis eta sou Veteran, manm militè, ak fanmi yo.

- ***Mande Ajan Eta yo pou chèche enfòmasyon sou sèvis militè ak Pataje Enfòmasyon avèk Divizyon Afè Veteran yo***

Gouvènè Cuomo mande ajan eta yo pou yo mande “Èske oumenm oswa manm fanmi sèvi nan militè?” sou fòm, anrejistreman, oswa lòt pwèn kontak kliyan ak pataje enfòmasyon sa a avèk Divizyon Afè Veteran yo. Pataje done pèmèt Veteran ak manm fanmi yo resevwa yon laj evantay sèvis ak enfòmasyon.

- ***Mande pou Ajans Eta yo nome yon Ofisye Lyezon pou Veteran yo***

Gouvènè Cuomo anonse yon nouvo egzijans pou chak ajans Eta New York pou nome yon Ofisye Lyezon Veteran pou kowòdone inisyativ ki konsantre sou veteran ak fanmi militè yo ak pwopaje pawòl la sou nouvo benefis yo.

- ***Konsòsyòm Lekòl Avoka pou bay Asistans legal a veteran yo***

Lekòl Avoka nan Albany ak Lekòl Avoka nan New York (Biwo Gouvènè a ak Divizyon Afè Veteran) te kondwi nan yon patenarya inovè ak dyalòg pou evalye kijan 15 Lekòl Avoka Eta New York kapab pi byen bay asistans a veteran yo nan Eta.

- ***Souliye enpòtans sèvis ki baze sou kominote ak Filantwopi***

Fondasyon Sante Eta New York te souliye enpòtans pou sipòte sèvis ki baze sou kominote pou veteran yo ak fanmi yo, ak wòl filantwopi ak antrepriz prive yo kapab jwe pou echelone aktivite sa yo.

Aktivite Rekreyatif

- ***Bay Aksè an toutan a Pak Eta pou Veteran ki andikape yo***

Gouvènè Cuomo anonse “the “Lifetime Liberty Pass,” ki bay aksè gratis a Pak Eta New York yo oswa frè rabè pou gòlf, kan, ak anpil lòt aktivite Pak pou veteran ki gen dezabilite ki kalifye yo.

- ***Etabli jounen lapèch gratis pou Veteran yo***

Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York pral fè patenarya avèk òganizasyon veteran yo pou òganize kat sesyon lapèch gratis pou Veteran yo, manm sèvis ak fanmi yo.

Ko-lidè Sena Dean G. Skelos te deklare, “Kontribisyon ak sakrifis ki te fèt pa militè ki nan sèvis aktif yo, veteran ak fanmi yo enspire nou tout e Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te òganize somè sa pou ede kontinye eksplòre fason nou kapab bay anretou. Kòlèg mwen yo avè m, sou direksyon Senatè Greg Ball, Prezidan Veteran, Homeland Sekirite ak Komite sou Afè Militè, angaje pou bati sou efò nou yo pou asire ke veteran yo resevwa benefis, sistèm sipò, ak opòtinite yo merite.”

Ko-Leader Sena Jeff Klein said, te deklare “Avèk yon nouvo jenerasyon veteran kap retounen lakay ki soti nan konba, nou genyen yon obligasyon pou sipòte ewo sa yo ak fanmi yo nan amelyore teren jwèt la. Pwojè lwa pral abilite veteran andikape nou yo kòm pwopriyetè ti biznis nan pèmèt yo retwouse manch

chemiz yo ak anbrase espri antrepriz la. Ane pase, Konferans Demokratik Endepandan te fyè pou entwodui premye kredi taks “Jobs for Heroes”, e ane sa a nou kontan pou nou fè ankò plis. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo jodia paske li te òganize somè veteran sa e angajman l pou ede chak veteran jwenn yon travay ki peye byen.”

Prezidan Asanble a Sheldon Silver te deklare, “Kantite ansyen konbatan ki tiye tèt yo, kap souffri avèk twomatis blesi nan sèvo, PTSD ak MST ak sa ki sanzabri yo e kap viv nan povrete se yon wont e sa ta dwe ebranle chak sitwayen ameriken. Pou brav fi ak gason sa yo ki te fè fas a obstak ensimontab lè yo retounen lakay yo, kòm yap kòmanse tranzisyon yo nan lavi sivil ke yo te goumen anpil pou pwoteje anpil fanmi la nan Etazini, nou pare – e nou te toujou prè – pou travay avèk Gouvènè a, avèk kòlèg nou yo nan sena, avèk delegasyon kongrè a epi avèk administrasyon an nan Washington pou ede w nan nenpòt fason nou kapab.”

Senatè Greg Ball te deklare, “Mwen onore pou m patisipe avèk Gouvènè Cuomo, yon lidè ki te travay nan yon fason efikas ak bipati pou kenbe pwomès Etazini a veteran nou yo. Mwen remèsye Gouvènè a paske li te pote atansyon nan tout eta a sou bezwen veteran militè nou yo ak fanmi yo nan somè sa ki enpòtan anpil. Nou fè yon bon travay nan peyi sa a nan fè jèn fi ak gason yo leve men dwat yo pou yo di ke yo pare pou konbat ak mouri pou Etazini Damerik. Sa te di, nou pa toujou fè yon bon travay, swa antan ke yon eta oswa yon nasyon, nan fè tranzisyon pou fi ak gason sa yo retounen nan mache travay la. Li bon pou genyen yon Gouvènè ki konprann li, e mwen enpasyan pou m wè pi bon bagay pou ewo New York sa yo.”

Manm Asanble Felix Ortiz te deklare, “Somè pou veteran jodia se sèlman youn nan anpil bagay nou ka fè pou kontinye efò sansibilizasyon nou yo pou fi ak gason yo ki te sakrifye anpil pou kenbe fanmi nou ansekirite. Asanble a, Gouvènè a ak patnè nou yo nan Sena rete angaje pou asire ke veteran nou yo pa janm santi ke yo poukont yo nan tranzisyon difisil la pou retounen nan lavi sivil.”

Lyetnan Jeneral. Robert L. Caslen, Sipè-entandan te deklare , “Mwen te sèvi nan New York nan Akademi Militè Etazini Nan West Point avèk nan 10th Mountain Division nan Fort Drum. Mwen te toujou wè ke Nouyòkè yo te fyè de manm sèvis Etazini yo e mwen kontan anpil pase Gouvènè Cuomo ap òganize premye somè pou Veteran ak Fanmi militè yo. Lame a gen yon dikton - yon fwa ou solda wap toujou solda e sa se fòs chak solda ki vini nan fanmi an. Nan fen an, Mwen aplodi efò pou sipòte fi ak gason Etazini ki an inifòm ak fanmi yo.”

Patricia D. Marks, Jij, Direktè Egzekitif Retired Veterans Outreach Center, Inc. te deklare, “Nou te wè anpil kominote ki toupatou nan Eta New York kreye opòtinite siyifikatif pou amelyore lavi vwazen veteran nou yo atravè patenarya benefis piblik ak prive. Li enperatif ke nou kontinye idantifye sèvis yo ak founisè sèvis yo ki disponib nan chak lakou nou ki kapab louvri pòt a edikasyon, travay, ak byennèt fi ak gason sa yo ki te sèvi peyi nou an ak sèvi lame. Nou aplodi efò gouvènè a pou konekte avèk antite sa yo ki genyen yon enterè pèsònèl nan sipòte siksè kominote veteran, paske nou konnen konbyen plis nou ka akonpli pou tout 843,480 veteran yo nan Eta New York lè nou travay ansanm.”

Haitian Creole

Ned D. Foote, Prezidan, Konsèy Veteran Eta New York nan Etazini, te deklare, “Konsèy Veteran Vietnam Eta New York nan Etazini akeyi opòtinite pou patisipe nan somè pou Veteran ak Fanmi Militè yo patisipasyon nan kalite somè sa ap pèmèt nou viv pa deviz nou, “O gran jamè yon jenerasyon veteran pap abandone yon lòt jenerasyon.”

Jocene Henderson, Sèjan Majò, Etazini ki nan retrèt, Veterans Outreach Center, te deklare, “Baze sou 40-ane eksperyans travay avèk veteran ak fanmi militè yo nan zòn Rochester, nou kwè somè Gouvènè a enpòtan kòm yon lokasyon ki ede nou pran konsyans sou nesite pou pouswiv sèvis soutyen. Nap rete tann pou nou echanje konesans avèk lòt founisè sèvis yo pandan anmenmtan nap aprann plis sou bezwen veteran ak fanmi militè nou yo ki pa satisfè.”

Samuel J. Hall, Prezidan Asosyasyon Konte Eta New York Ofisye Sèvis Veteran Inc., te deklare, “Asosyasyon Konte Eta New York Ofisye Sèvis Veteran Inc, Inc. ap tann avèk enpasyans kesyon enfòmasyon ak sansibilizasyon ki pral diskite nan somè pou Veteran ak Fanmi militè yo. Nou apresye lidèchip Gouvènè Cuomo nan bay yon dyalòg sou kesyon veteran yo nan Eta New York.”

Scott Thompson, Direktè Kowalisyon Sante Mantal Veteran nan Vil New York, te deklare, “Rasanble tout moun nan somè yon montay bay yon pwende vital osi enpòtan kòm baz kan ak monte long, ki dedye nan non moun ak òganizasyon yo ki te vini ansanm nan kominote a avèk veteran yo. Mwen gen rekonesans pou Gouvènè a paske li te enspire efò nou pou kontinye.”

Kòmandan Eta Michael Pascal, Depatman Veteran Lagè Etranje nan New York te deklare, “Nan non plis pase swasant mil manm nan Depatman Veteran Lagè Etranje nan New York, Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske li te òganize somè sa a. Li fòm idab pou wè lidèchip nan Eta ki pran tan pou adrese ak travay sou pwoblèm veteran ak fanmi militè yo ap fè fas. Se premye somè Veteran ki nan jan sa pral fondasyon kote nap bati pwochen pwogram ak lejislasyon nan New York. VFW kanpe pare pou ede lidèchip nou an nan fè veteran yo jwenn rekonesans yo te ganye.”

Vince McGowan, Prezidan Konsèy United War Veterans - Konsèy Konsiltatif Veteran nan Vil New York, te deklare, “The United War Veterans santi l fyè pou l kolabore avèk Eta New York nan sipòte Veteran ak Fanmi Militè li yo. Pwogram resiklaj nou an ki benefisye anvwonman, anplwaye veteran ak ogmante finansman pou sèvis ki nesè pou fi ak gason yo ki te sèvi peyi nou an ki te yon gwo siksè pou Vil New York. Nou aploi Gouvènè Andrew Cuomo paske li te konvoke somè sa a pou prepare pou retou 44,000 veteran nan New York, rejwenn plizyè santèn milye ki te deja rele New York Lakay.”

Paul Rieckhoff PDG ak Fondatè- Iraq ak Afghanistan Veterans of America, te deklare, “Avèk lagè pi long Amerik ki rive nan fen l, pa t janm genyen yon moman ki te pi enpòtan pou renouvle sousi ak preyokipasyon veteran nou yo ak fanmi yo. Kòm yon òganizasyon nasyonal ki te fonde ak syeje nan Vil New York, IAVA kontan pou l wè lidèchip nan New York ki rekonèt angajman sa a e nap rete tann pou nou kolabore avèk Gouvènè a ak tout patisipan yo nan Albany jodia pou ede veteran nou yo nan ane kap vini yo.”

Haitian Creole

Andrew S. Roberts Direktè, Biwo Militè ak Sèvis Lyezon Militè North Shore-LIJ Sistèm Sante, te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te òganize somè sa a. Pèsonèl militè nou yo, veteran ak fanmi yo te fè sakrifis enòm e nou tout bezwen travay ansanm pou ansire ke yo re-entegre avèk siksè lè yo retounen lakay. Nan North Shore-LIJ, nou te bay plis pase 11,000 vizit pou sante konpòtman a veteran militè nou yo ak fanmi yo depi 2006 e nou te atenn sa a nan kolabore avèk lòt kominote yo nou sèvi nan tout zòn metropoliten an.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418